Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 7 (7511)
17 февраль
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъаби

## ЗахIматалъул гIадлуялда хурхун



11 февралалда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъана районалъул администрациялъул жа-вабиял гIадамал. Данделъиялда аслияб кIвар буссинабун букIана тIадаб хIалтIул къаг1идаби щвалде щвезари ва захIматалъул гIадлунизамалде рач1иналде. Гьенибго муниципалитеталъул бетIерас тIадчIей гьабуна гIадлияб рахъалъул жавабчилъи борхизабиялда, тIуразаризе тIаде кколел кагътазул заман кколелдаса тIаде ине тунгутIиялде. «Жиндир заманалда тIурарал кагътазул рукIана лъикIал хIасилал, хIаракат бахъе, тIаде кколеб хIалтIи мисалияб куцалда тIубазабизе, щивас кIвар кье, щивав хIалтIе намус бацIцIадго, район цебе бачиналъе тIолабго къуват кьун, жавабчилъиялда. Жакъа нужер щивасул рес буго районалъе пайдаяллъун рукIине, гIадамазе гьел разияб хъулухъ гьабизе. Бихьизабе нужецаго тIубазабулеб ишалъе бугеб махщел, хIалтIул цебетIей гIемерисеб нужеда бараб буго. Гьединаб хIалтIул цебетIей букIинабиялъе руго нилъ гьанир»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Гьенибго бихьизабуна цIакъго хIажатаб гIилла гьечIони хIалтIул бакIал рехун тоге,-янги. Гьединал хIужаби ругони, гIадлуялъул жавабчилъиялде ахIизе руго, гьединго нужеца щивас тIубазабулеб хIалтIул хIасилал гьаризе руго.

Данделъиялда суал хъатIана лъай кьеялъул, эпидемиялъул бугеб хIалалъул, гьелда хурхун цIодорлъи гьабиялъул, администрациялъул минаялда жаниб унти бахинабиялдаса цIуниялъул къагIидаби жеги хIаракатчилъизабиялда. Бицен ккана цIиял объектал раялъул. Жавабиязда тIад къана бицен гьабурал рахъазда хурхун щибаб къойилаб хIалтIи гьабизе, гьелъул хIакъалъулъ щибаб къойил информацияги кьезе.

Ахиралда бицен ккана I9 ва 26 къоязда районалда тIоритIизе ругел спортивиял тадбиразда хурхун.

## Ралел бакIазул суалгун

Дагьал церег1ан къоязда «Унсоколо район» муниципалияб г1уц1иялъул бетIер ГIиса НурмухIамадовасул дандчIвай букIана Дагъистан Республикаялъул Правительствалъул капиталиял бакIал раялъул управлениялъул нухмалъулев М. ГIабдулгIазизовасул ва пачалихъияб экспертизаялъул нухмалъулесулгун. Аслияб къагIидаялъ балагьана жакъа къоялда госэкспертиза гьабулел проектазухъ. Гьел ккола Унсоколо, Генуб росабалъе лъим бачиналъе, Шамильхъалаялда лъел рогIрал хисиялъе, гьенибго 800 ва ГьаракIуни росулъ I20 лъимадуе бакI бугел школал раялъе хIалтIизаризе ругел. Гьел хIалтIабазда хурхун гIатIидаб гара-чIвари ккана нухмалъулезда гьоркьоб.



Госэкспертизаялъул къабул гьабураб заключение щун хадуб гьел объектал раялъе гIарац биччазе буго. Гьелъие хIадурун руго проектниялгун сметниял документациял

Дандчlвай

## Электроэнергиялъул, газ бачиналъул, лъел суалалгун



I5 февралалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда гьоркьоб лъуна ЖККХялда хурхарал суалал. Данделъиялъул байбихьуда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас салам кьуна тIаде рачIаразе, хадуб залалда гIодор чIаразулгун лъай-хъвай гьабуна гьалбадерилгун. Гьезда гьоркьов вукIана РДялъул электроэнергиялъул ва жилищниябгун коммуналияб магIишаталъул рахъалъ министрасул тIоцевесев зам. Хайдаков Эфенди Юсупович, «Россеть – Северный Кавказ» - «Дагэнерго» ПАО филиалалъул директор ГIабдурашидов МухIамад Хазиевич ва зам. Салаватов Теймур МухIамадрашидович. Гьединго дандчIваялъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна росабазул бутIруз, сетазул нухмалъулез ва ЖККХялъул хIалтIухъабаз.

Хадуб данделъиялъул хIалтIи бачине ГI. НурмухIамадовас кьуна Эфенди Юсуповичасухъе. Гьес бихьизабуна: «Нижее бокьун буго гьаб бакIалда рагIизе нилъеца сунде гьабсагIаталда кIвар кьезе кколебали, хъатIизе руго электроэнергиялъул, газ бачиналъул, лъедалъун хьезарун гьеб бачиналъул хIалтIаби гьариялда. Гьединго кIвар кьезе буго электроэнергиялде, ЖКХ цебетIезабиялде»,-ян.

Электроэнергиялъул суалалдасан кIалъана «Дагэнергоялъул» гендиректор М. Хазиев. Гьес бихьизабуна араб соналда Унсоколо районалда хисанин дефектниял опорал, проводал, къокъго абуни I54 км., ремонт гьабунин КТПялъе ва гьарунин цогидалги хIалтIаби,-абун. «Къокъго абуни гьаруна гIицIго байбихьулал хIалтIаби, цере чIун руго жеги чIахIи-чIахIиял хIалтIаби. Рехун тараб ахIвал-хIалалда буго магIишат, далун рачIун руго сетал, гьечIо букIине кколеб напряжение»,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

Росабазул бутIруз бихьизабухъе гьенир гьечIо токалъул букIине кколеб къадар напряжение, хасго гьеб букIунаро хасало заманалда. Гьелъул хIасилалда гIодобегIанаб буго бухIараб токалъухъ бакIарулеб гIарцул къадар. Цо-цо бакIазда жалго гIадамазул гIарцуда хисулел руго кварал, ремонт гьабулеб буго трансформаторазе.

«Цебе чIун буго I44 дефектнияб опор ва 5 тонна кваразул хисизе, гьединго хIисабалде росун руго чанго транформаторалъе ремонт гьабизе, гьебги гьаб соналда жаниб гьабизе ккола.

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 7
Хамиз
17 февраль 2022 сон



COVID-I9 ялъ кинавниги унтаразул къадар Дагъистаналда бахана 83,668 чиясде, захIматго унтана 8,826 чи, хвана – 34I5 чи, сахлъана 7I,427 чи.

ГьабсагIаталда республикаялда цIикIкIараб къадар унтаразул буго, ахирисеб сордо-къоялда больницабазда сах гьарулезул къадар бахана 502 чиясде.

Вакцина гьабун, нужго захIматаб хIалалдаса цIуне!



РакIалдещвей

# Къайисил гIишкъул ахир

## (Гьадин бицун букIана дие)



**Дир лъикIаб лъай-хъвай букIана Бекьилъа МухIамадов ИмангIалилгун. Гьев хIалтIулев вукIана Хасавюрталда аскIоб бараб школалда тарихалъул мугIалимлъун. Гьениб буго бекьдерил росу. ИмангIалица бицун букIана МахIмудилги Муилги хIакъалъулъ лъалел чагIи жеги чIаго ругин, гьелгун гара-чIваризе вачIайин, кIвараб кумек жинцаги гьабизе бугин…**

I96I соналъул июлалда дица сапар бухьана Хасавюрталде ИмангIалихъе. Гьес дие кIудияб кумек гьабуна. ХIукму ккана Муил гIагарай чIужу, гьей хъамулеб мехалъ цадахъ йикIарай Солебанова ПатIиматидасан кIвараб баян босизе. ИмангIалица живго хадув ун ахIун ячIана ПатIимат. Гьей йигоан 70 сон бараб гIадаб ригьалъул, дагьабго кIкIубаб гьумералъул, жеги къартI хвечIей магIарулай.

Хабаралъе байбихьи гьабуна ИмангIалица.

- ПатIимат, гьав васас ракIарулел руго МахIмудилги Муилги рокьул хIакъикъат ва гьесул халкъалда лъаларел кучдул. Нуж, кIудияб гIел цебеса индал, рес буго гьеб кинабго гьерсиде буссине. ХъахIабросуги Бекьилъ росуги щиб рахъалда бугебали лъаларелги лъугьун руго мацIалде бачIа-бачIараб хъвазе. Цо-цоял ахIдолел руго МахIмуд саяхъав чи вукIанилан. Саяхъав чияс кин гьабулеб чанго росулъ дибирлъи? Гьарула дуда МахIмуд какун Муиги ецугейилан, биччанте гьел мунагьал чурадазул хIакъалъулъ хабар хIакъикъияб букIине…

- БитIарабха, дир лъимал, хваразул хIакъалъулъ гьереси бицин мунагь кIудияб ишин абула,-гьелдасан бахине хайирги гьечIелъул…

-КIудияв ХIасанидасан байбихьани бокьилаан дурго ракIалдещвеял.

-КIудияв ХIасан дида лъаларо. Бицуна гьев вукIанин базалияб черхалъул, бахIарчияв чи. Гьев жиндиего бокьун лъугьун вуго гIурусазул армиялде хъулухъ гьабизе. Гьеб букIун буго Шамиль имам асирлъуде ккун хадуб заман. Гьесул вахъун вуго полковник. ГIемераб гIарацгун вуссун вуго росулъе. Росун руго хурзал, бан буго кIудияб мина. Сверухъ росабалъги хIакимзабазда гьоркьобги гьесул букIун буго кIудияб къимат. МоцIрое чIезабураб алапаги букIун буго гьесие. Гьабун буго хъизан. Гьавун вуго лъикI заман гьоркьоб араб мехалъ вас, гьесда лъун буго ХIасанилан жиндирго цIар.

Гьев ХIасанида абулаан гьитIинав ХIасанилан, гьес гIемерал саназ гьабун буго бекьдерие бегавуллъи. КIудияв ХIасан чанго нухалъ турказулгун букIараб рагъда лъукъунги вукIун, хехгого хун вуго. Абула магIарул гьаваялъги гьесие кумек гьабичIилан. Гьесул чIужуялъе, цо васгун хутIарай къоролалъе магIишат данде бачине кумек гьабун буго цо вукIарав вацасги кIиго яцалъги. КIиго-лъабго рагьдателалги камулел рукIун гьечIо гьезул. Гьав васасе – гьитIинав ХIасание, хеккого, анцIила микьго сон



бараб мехалъ хъизан гьабун буго, рокьоб гьабулеб хIалтIуе кумек камиларилан. Гьезул букIана анищан ккараб яшав-магIишат. КIудияв ХIасанил къоролай абун, эбелалъе моцIрое жеги кьолеб букIана алапа. Амма гьезие рохел гIолеб букIинчIо, бахIаралъ гьабураб лъабго лъимер хвана цо-цо, кIи-кIи сонги бан. Гьезул гурелги гIемерал лъимал холаан доб заманалда. Щибаб хасало ва ихдал камулароан лъималаде рахунел батIи-батIияв унтаби. Тохтурзабиги дарабиги доб заманалда магIарухъе щун рукIинчIо. Унти чIварав чи къанагIатги ворчIуларoан хвечIо-го. ХIалтIиги, нужеда лъалеб батила, захIматаб, кинабго квералъ гьабизе ккoлеб, ракьуда хурхараб букIана. Гьев гьитIинав ХIасанил ахиралда гьавурав вас ккола КъебедмухIамад. Гьесда гьитIинаб мехалдаса нахъего Къебедавилан бащдаб цIар абун толаан. Гьеле гьев Къебедасе ячун йикIана Солебанил МухIамадгIалил яс Муъминат. Гьелъул йикIана кIиго яцги – СалихIатги Загьидатги. Яцал рукIана цоцалъ рекъарал, цоялъ цоялъе кумек гьабулел. Муъминатица тIоцее гьаюрай яс хвана кIиго моцI барай жо. Къебедав лъугьун вукIана инсул кумекалдалъун Шурав губернатор цIунулеб къапилаялде хIалтIизе. Росасгьение ячун, чанго сон Шураб бана Муъминатица. Гьенисан лъараб букIана гьелда лъарагI мацIги. Шурар гьарурал руго гьелъул кIиявго васги – ХIасанги МухIамадгIалиги. Къебедав хвана квегъулеб чоца рехун. Муиги кIиявго васги рачун росулъе тIад юссана. Гьеб соналъ нахъ руссунел рукIана Японияльулгун рагъде ун рукIарал (I907 с.) гIолохъаби. Пачаяс Муил лъималазе чIезабун букIана инсул харжалдасан алапаги. Квеш ккараб жо букIана Къебедав хун мех иналде гьелъул эмен гьитIинав ХIасанги хвей. Гьев хвана магIарулаз абухъе, чехь багъарун, гьанжесеб къагIидаялъ абуни, беццаб бакь бихьун. Цо-кIиго соналдасан хвана Муил эмен МухIамадгIалиги. КIиабго хъизаналда хутIичIо кIудияв гIурав бихьинчи, амма васал гIолел рукIана. Гьездаса хирияб жоги гьезие букIинчIо. Жеги гIолохъанго рос хун хутIаниги, Муъминатица кIиабизе рос-рукъалде ине тIалаб гьабичIо, кIвараб куцалъ магIишатги данде бачун, хьихьун кIиявго васгун чIана. Росулъго рукIана гьей ячине бокьарал бихьинал (Ражаб, ГIалибег), амма гьелъ абунин къватIибе загьирлъана Къебедасул йикIарай чIужу ячине чи гьанив гьечIилан. Бихьиназги гьелъулгун балай-гъалай тана.

Жийго Муи йикIана аваданлъи бокьулей, махсаро-хочI гIемер гьабулей гIадан. ГIиси-бикъинаб даран камуни гьей чIолароан. Гьелъул мадугьалихъ вукIана Хъандулалъул МухIамад абулев чи – ХъахIабросулъа МахIмудил эбелалъул вац. Гьес рукъулан хьитал, къачIалаан росуцоязул пуруц-рукь, гIемер кумек гьабулаан Муиеги. Жиндирго яц ГIашура Анасил МухIамадие араб мехалъ, байбихьуда гьев чанго соналъ яцалъулъ барщун чIун вукIана. Хадув рекъон ватилаха – МахIмуд гIемер вачIунаан имгIаласухъе. Гьудуллъи букIана Къебедасулгунги, гьесдаса ригьалъ кIудияв вукIаниги. Муи ячун хадубги МахIмуд гIемер щолаан гьезухъе. ХIакъикъаталдаги МахIмудие Муи кидаго рекIее гIолей йикIун ятила. Гурого гьадин хъвалищха?

**«Бицине рес гьечIей цо ясги**

**йокьун,**

**Кьвагьи рагIуларищ дир**

**кереналъул»?.**

Байбихьуда гьев гIемер хьвадулаан Къебедасул хабаде, кумек гьабулаан гьелъул рукъалъул хIалтIи-пишаялъе. Муицаги абулаан гьев жинда жиндирго вацасул бакIалда вихьулилан. МахIмудица гьелъул вас ХIасанида малъулеб букIана Къуръан цIализе. Гьес лъолел дарсаздаса Муиги камуларoан. Къебедасул эбелалъ лъазабуна васги мадрасаялде витIейин, «дурго вацги» ХъахIабросулъ тейилан. Гьезул гьоркьоблъиялда гьелда цо кинаб букIниги гъая ккун бихьун батизе ккола, цебе вас чIаго вугеб мехалъ вокьулев вукIарав МахIмуд гьелъие цIакъ рихун лъугьана. ГIадамазда гьоркьобги харбал раккана Муие вацщун вугин, гьев гьечIого гьейги чIоларин, гьелда аскIоса росулъги магьилъги гьевги камуларин. Абула гьури гьечIеб бакIалда гIучIги багъаруларин. ЦIа гьечIеб бакIалда кIкIуйги букIунарин. Якьадалъги жиндирго эбелалъги кигIан кIудияб рагъ лъазабуниги, гьел цоял цоядаса ратIалъулел рукIинчIо. Киназдаго лъалеб букIана гьезул цоцахъ рокьи ккун букIин. Бецараб хер, къарал гулал, къасиялдаса радалалде гьелъул хурзабахъ данде гьарун ратулаан. Гьеб гьабулаан чи гьечIеб мехалъ вачIун МахIмудица. МоцIрол канлъи бугел сардаз Муица гьакида баччулаан хIалухъин хуриса рокьобе. Халккуразда вихьулаан гьоко цIолевги, оцал рацIулевги бихьинчи, лъалаан гьев кумекалъе вачIарав МахIмуд вукIин.

Хабар тIибитIун букIана гьез бальго магьари лъун рагIулин, Къебедасул эбелалдаса хIинкъун вугин МахIмуд Бекьилъе къаларев абун. Гьел кIиялго хабаралда чанго нухалъ рихьидал дидагоги бичIчIулеб букIана гьел цоцадехун цIакъго ругьунлъун рукIин, гьез цоцадехун бицунеб жоги ракIал журараб букIин. Гьей даимго зигардулаан гьесдехун хIалтIуца чIвалей йигин, багьа кьун гIадамал рачине якьадги разилъулей гьечIин, васалги жиндаса руссинарулел ругин, нужер эбел саяхъ хьвадулей йигин мацIал гьарун.

**СагIид ГIАЗИЗОВ,**
**Гъоркьа ЧIугIли росу**

**(Хадусеб букIине буго)**

Ахихъан

Районалъул газета
№ 7
Хамиз
17 февраль 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# «Бесплатное лекарственное обеспечение пациентов с COVID 19».

Граждане нашей страны, заболевшие новой коронавирусной инфекцией, могут получать медикаменты от коронавируса бесплатно. Для обеспечения больных с коронавирусом бесплатными лекарственными препаратами Правительство Российской Федерации выделяет регионам субсидии. В 2022 году, как заверил председатель правительства РФ Михаил Мишустин, будет выделено 5 миллиардов рублей регионам на закупку лекарств от коронавируса. Больницы и поликлиники проводят процедуры госзакупок, после чего врачи могут выписывать лекарства от коронавируса пациентам с нетяжёлой формой заболевания.

Перечень препаратов утверждается рекомендациями Министерства Здравоохранения РД. Это такие препараты как противовирусные: умифенофир, арепливир, препараты интерферона-альфа и другие.

Антикоагулянты ксарелто, эликвис,парацетимол. Сами названия препаратов могут меняться. Это зависит от выпускающей фирмы, но действующее вещество во всех препаратах остается прежним.

Лекарственные средства, которые нужны дополнительно для лечения других симптомов заболевания бесплатно не выдаются. Ранее бесплатно лечились пациенты в стационарах, теперь кроме этого бесплатно получать лекарственные препараты могут пациенты с лёгким течением заболевания,

лечащиеся амбулаторно на дому.

Для того, чтобы больной мог получить лекарственные препараты бесплатно, он должен первоначально пройти тест ПЦР на коронавирус по направлению лечащего врача.

В случае, если тест положительный, а заболевание протекает в лёгкой степени и пациент лечится в домашних условиях, лечащий врач в поликлинике должен выдать бесплатно лекарства в течение суток на дому после назначения терапии. Поскольку самому пациенту, находящемуся на изоляции нельзя покидать дом, лекарства для него могут получитьродственники, соцработники или волонтёры.

Лекарства против коронавируса надо принимать строго по назначению врача, в соответствии со схемой и планом лечения. Если же состояние больного ухудшиться и заболевание перейдёт в среднюю или тяжёлую стадию, больного необходимо госпитализировать в стационар, где вся необходимая терапия проводится бесплатно по полису ОМС за счёт государства.

В тех случаях, когда у пациента подтверждена лёгкая форма коронавирусной инфекции и он нуждается в лечении, а в поликлинике не выдают полагающиеся лекарства бесплатно или же лечащий врач не выписываетрецепт на бесплатные препараты, можно обратиться с жалобой к руководству поликлиники, на горячую линию Минздрава РД, в отдел защиты прав застрахованных ТФОМС РД.

Обращаться к врачу следует при следующих симптомах:

Повышении температуры 38,5 и выше
заложенности носа;
першении и боли в горле;
головной боли;
слабости, ломоте в теле;
высыпаниях на коже.

Лучше всего избежать заболевания с помощью вакцинации.

Бесплатно лекарства для лечения коронавируса предусмотрено только для пациентов, проходящих лечение на дому.

**Буйнакский филиал ТФОМС РД.**

# Ветеранам афганской войны

Жилищные условия 249 ветеранов войны в Афганистане планируют улучшить власти Дагестана в 2022 году. Об этом «АиФ Дагестан» сообщили во вторник в пресс-службе правительства республики по итогам встречи врио премьер-министра РД Абдулмуслима Абдулмуслимова с участниками афганских событий.

Всего в этом году в бюджете региона на улучшение жилищных условий ветеранов боевых действий, в том числе воинов-афгенцев, заложено почти 420 млн рублей. Из них 154,9 млн – это субсидия из федерального бюджета, 264 млн – средства республиканской казны.

В ходе встречи было отмечено, что в Дагестане наращиваются темпы улучшения жилищных условий ветеранов афганских событий. Если ранее в регионе в среднем этой категории граждан выдавали по 60-70 свидетельств в год о предоставлении безвозмездной субсидии на покупку жилья, то в прошлом году это число довели до 194.

Вместе с тем в прошлом году в республике в пять раз – с 2 тыс. до 10 тыс. рублей – увеличили размер пожизненной ежемесячной выплаты членам семей дагестанцев, погибших (умерших) во время службы в Афганистане.

# Внимание: важная информация!

Уважаемые жители Унцукульского района!

Миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району информирует о том, что 29 декабря 2021 года вступил в законную силу ФЗ от 1 июля 2021 года №274-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон «О правовом положении иностранных граждан в Российской Федерации» и Федеральный закон «О государственной дактилоскопической регистрации в Российской Федерации».

В соответствии с положениями данного Федерального закона, иностранные граждане и лица без гражданства, прибывшие в РФ в целях, не связанных с осуществлением трудовой деятельности, на срок, не превышающий 90 дней, а также иностранные граждане, прибывшие в РФ в целях осуществления трудовой деятельности, подлежат обязательной государственной дактилоскопической регистрации, фотографированию и медицинскому освидетельствованию.

В случае неисполнения указанного требования, в отношении таких лиц будут приняты меры по сокращению срока временного пребывания в РФ, а в случае их уклонения от выезда из РФ в установленный законом срок, приняты меры по их депортации из РФ.

**Начальник миграционного пункта ОМВД России по Унцукульскому району Ш. М. Гамзатов**

# Незаконное хранение оружия - преступление!

(Добровольная сдача оружия освобождает о ответственности и дает право на получение денежной компенсации)

В Республике Дагестан продолжается выкуп у населения оружия, боеприпасов и взрывчатых устройств. Согласно изменениям № 361 от 29 декабря




2021 г. внесённым в постановление Правительства РД № 184 от 24 апреля 2014 г. плата за выкуп, установленная ранее, увеличена.

Отметим, что граждане, добровольно сдавшие незаконно хранящееся у них оружие, могут быть освобождены от уголовного ответственности, предусмотренной за его хранение.

Стоимостьвыкупаемогопистолета или револювера составляет – 55000 рублей, газового пистолета или револьвера – 2000 рублей, пистолет или револьвер кустарного производства оценивается в 10000 рублей, самодельное стреляющее устройство в 1000 рублей, охотничий карабин оценивается в 15000 рублей, стоимость одного патрона 15 рублей, гранаты – 2500 рублей.

Граждане, желающие добровольно сдать огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества, могут обратиться в любое территориальное подразделение Министерства внутренних дел по РД

ДандчIвай

# Электроэнергиялъул, газ бачиналъул, лъел суалалгун

Гьеб хIалтIи лъугIидал хIисабалде босун буго бакIаздасан хIалтIи байбихьизе, цIакъго къваридал бакIал хIисабалде росун руго бугеб хIалалъухъ балагьун»,-ян бихьизабуна М. Хазиевичас.

Электроэнергиялда хурхун бугеб ахIвал-хIал бичIчIула, гьеб хIакъикъаталдаги рес къотIараб хIалалда буго районалда цогидал районазде данденккун, гьаниб ахIвал-хIал захIматаб буго,-ян бихьизабуна хадубги гьес.



ДандчIваялда хабар ккана районалъул росабалъе газ бачиналда, гьединго мусор баччиялда хурхун, бицана цогидалги кIвар кьезесел суалазул. Гьезул хIакъалъулъ чIванкъотIарал суалал цере лъуна росабазул бутIруз.

Ахирияб заманалда хIакъикъаталдаги захIматаб хIал буго росаби лъедалъун хьезариялъул,-ян бичIчIизабуна ГI. НурмухIамадовас. Гьес бицана бицен гьабулеб суалалда хурхун гьарурал хIалтIабазул, насосазда хурхун ругел захIмалъабазул, жанисеб разводка гьабиялъул, Шамильхъалаялда церегосел трубаби рукIиналъ рижизарулел ругел захIмалъабазул, гьел рихъулел рукIиналъ лъим гIолеб гьечIолъаялъул, ай поселокалда ва росабалъ гьекъолеб лъим гIолеб гьечIолъиялъул.

Ахиралда бетIерас баркала загьир гьабуна президиумалъе районалде кьураб кIваралъухъ.

# Психологазул данделъи



9 февралалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул конференц-залалда букIана гIаммаб лъай кьеялъул учреждениязул психологал-педагогазул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас, лъай кьеялъул отделалъул нач. Къ-М. ХIасановас, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва спорталъулгун туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастановас.

Данделъиялда аслияб суал букIана лъай кьеялъул учреждениязда жалго жидецаго чIвай ккунгутIиялъе (битIараб тарбия щун гIолилал гIеялъе) квешал гIамалазде гьел ругьунлъунгутIиялъе гьабизесеб хIалтIул.

Заседаниялда гьабуна интернет-сеталдасан «Социалиябгун психологическияб рахъалъ бугеб хIинкъи саназде рахинчIезда гьоркьоб лъугIизабиялъе гьаризесел тадбиразда хурхун» презентация.

Ахиралда ралагьана психологазул ва социалиял педагогазул хIалтIулаб документация бачиналъул ва чIезабиялъул къагIидабазухъ.

Балагьизин букIинеселъухъ

# ГIумро кинаб букIине бугеб?

(ГIалимзабаз рикIкIунеб буго I00 ялде гIагарун сонидасан дуналалда рукIине гьечIин унтарал гIадамал, хинлъи кьолеб иццлъун лъугьине бугин лъим)

I. ГIумро гьабулел рукъзабахъе хинаб яги цIорораб гьава кьабизе буго краназухъан. Гьел краназул кумекалдалъун рекъезабизе буго рукъзабахъ – температура, хинабги цIорорабги лъим рокъобе бачIинабулеб куцалда.

2. КIкIури, тIутIал, тараканал лъугIизе руго. РухIчIаголъаби рихьизе бегьулебщинаб бакI букIине буго хъаравуллъиялда гьоркь, гьединго ракъвазе руго лъарал-хIорал ругеб бакIал.

3. Квен босизе рес букIине буго булкаби ричулел лавкаби гIадал бакIаздаса. Гьел цIорорабги бухIилебги рокъобе бачIинабизе ресал рукIина, чороклъараб рагI-мач нахъ буссинабизе бегьила бичун босарал учреждениязде. Гьенир чурила гьел. Бичулеб кванил блюдаби хIадурила электрическиял лабораториязда, рес буго гьеб кухнялда гьабулелдаса хехго гьабун лъугIизе. Кинабго кухнялъул утварь чуризе буго химикатаз, гьелдалъун дагьлъила микробал. Рукъалъул ахIвал-хIалалда квен хIадури рикIкIина гIадаллъилъун.

4. ТIурччи хIалтIизабизе гьечIо щибниги хинлъизабизе яги квен хIадуризе. Ахирисел нахърателал гьелъул лъугIизе буго 2050-2I00 соназде. ТIурччи хиралъизе буго къойидаса къойиде. Гьеб мехалъ инсанас рагьила лъел къуваталдалъун хIалтIулеб электричество. Гьеб гIемерго учузго чIезеги буго. Киналгоязде гIагарун гIор-лъаразда тIад лъезе руго электричество лъугьинабулеб динамо-машинаби, тIад сверулел двигателалги ругеб. Ралъдал рагIаллъабазда лъезе руго лъадал цIурал резервуарал. Сверила чIахIиял колесаби, гьел хIалтIила лъел къуваталъ. Къокъго абуни гьел кколел руго ран ругел рикIкIен гIемерал ГЭСал.

5. ЧIахIиял шагьаразул нухазда рукIинаро машинаби. Кинабго транспорт хIалтIила ракьалда гьоркьан яги тIадегIанисан. Лъела чIахIиял нухал-тонелал ракьалда гьоркьан, гьел лъикIго хьезарила канлъудалъун, гьаваялдалъун. Ракьалда тIасанин абуни лъела тIаде болъал ругел эстакадал, нухал лъелго унезеги ругел, гьелъул хIасилалда цере гIемераб транспорт хьвадулел нухал рукIина гIодоре риччан ва чIорого.

6. Щивав чи суткаялда жаниб I6 км. вилъанхъила. Гимнастика лъугьина аслияблъун. Школазда ва цогидалги бакIазда тIадаллъун гьарила физическиял упражнениял. I6 км. вилъанхъун бажаруларев чи рикIкIина загIипавлъун.



7. Унтарал органазухъе дару щвела битIухъе унтараб бакIалде. Масала, гьуърул унтун ругони, дару гьабила тIомолъан битIухъе унтараб бакIалда, кванирукъалдасан инабичIого. Медикаментал чорхолъе риччала электрическияб токалъул кумекалдалъун, битIахъе унтараб бакIалде. Микраскопал лъезе руго щибал унтарал, цIакъго гIумро гьабиялъе кIвар бугел органалъ. Гьездасан хадуб хал кквезе рес буго черхалъул унтараб бакIалда.

**Къокъго абуни: гIемерисел гьанир рихьизарурал хIужаби гIумроялде рахъун руго.**


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.**<br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br>**Главный редактор**<br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции:**<br>**51373**<br>**Унцукульский район**<br>**п. Шамилькала**<br>**ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора**<br>**89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 16. 2. 2022 г. 17.20<br>фактически -18. 30 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |